**Syiir Tanpo Waton (bukan sembarang syair)**



**TEKS SYI'IR TANPO WATON** (Gus Nizam)

| **Asli Jawa** | **Arti Indonesia** |
|---|---|
| Astagfirullah robbal baroya…<br>Astagfirulloh minal khootooya…<br>Robbi zidni `ilman naafii'a…<br>Wa waffikni `amalansoliha…<br>Ya rosulalloh salammun'alaik…<br>Yaa rofi'asaaniwaddaaroji…<br>`atfatayaji rotall `aalami…<br>Yauhailaljuu diwaalkaromi… | Astagfirullah robbal baroya…<br>Astagfirulloh minal khootooya…<br>Robbi zidni `ilmannaafii'a…<br>Wawaffikni `amalansoliha…<br>Yarosulalloh salammun'alaik…<br>Yaarofi'asaaniwaddaaroji…<br>`atfatayaji rotall `aalami…<br>Yauhailaljuu diwaalkaromi… |
| Ngawiti ingsun nglaras syi'iran<br>Kelawan muji maring pengeran<br>Kang paring rohmat lan kenikmatan<br>Rino wengine tanpo petungan 2X | aku memulai menembangkan syi'ir<br>dengan memuji kepada Tuhan<br>yang memberi rohmat dan kenikmatan<br>Siang dan malamnya tanpa terhitung |
| Duh bolo konco priyo wanito<br>Ojo mung ngaji syare'at bloko<br>Gur pinter ndongeng nulis lan moco<br>Tembe mburine bakal sangsoro 2X | wahai para teman pria dan wanita<br>jangan hanya belajar syari'at saja<br>hanya pandai bicara, menulis dan membaca<br>esok hari bakal sengsara |
| Akeh kang apal Qur'an haditse<br>Seneng ngafirke marang liyane<br>Kafire dewe dak digatekke<br>Yen isih kotor ati akale 2X | banyak yang hapal Qur'an dan Haditsnya<br>senang mengkafirkan kepada orang lain<br>kafirnya sendiri tak dihiraukan<br>jika masih kotor hati dan akalnya |
| Gampang kabujuk nafsu angkoro<br>Ing pepaese gebyare ndunyo<br>Iri lan meri sugihe tonggo<br>Mulo atine peteng lan nistho 2X | gampang terbujuk nafsu angkara<br>dalam hiasan gemerlapnya dunia<br>iri dan dengki kekayaan tetangga<br>maka hatinya gelap dan nista |
| Ayo sedulur jo nglaleake<br>Wajibe ngaji sak pranatane<br>Nggo ngandelake iman tauhite<br>Baguse sangu mulyo matine 2X | ayo saudara jangan melupakan<br>wajibnya mengkaji lengkap dengan aturannya<br>untuk mempertebal iman tauhidnya<br>bagusnya bekal mulia matinya |
| Kang aran soleh bagus atine<br>Kerono mapan seri ngelmune<br>Laku thoriqot lan ma'rifate<br>Ugo hakekot manjing rasane 2 X | Yang disebut sholeh adalah bagus hatinya<br>karena mapan sari ilmunya<br>menjalankan tarekat dan ma'rifatnya<br>juga hakikat meresap rasanya |
| Alquran qodim wahyu minulyo<br>Tanpo ditulis biso diwoco<br>Iku wejangan guru waskito<br>Den tancepake ing jero dodo 2X | Al Qur'an qodim wahyu yang mulia<br>tanpa ditulis bisa dibaca<br>itulah nasihat guru mumpuni<br>Ditancapkan di dalam dada |
| Kumantil ati lan pikiran<br>Mrasuk ing badan kabeh jeroan<br>Mu'jizat rosul dadi pedoman<br>Minongko dalan manjinge iman 2 X | menempel di hati dan pikiran<br>merasuk dalam badan dan seluruh hati<br>mukjizat Rosul(Al-Qur'an) jadi pedoman<br>sebagai sarana jalan masuknya iman |
| Kelawan Alloh kang moho suci<br>Kudu rangkulan rino lan wengi<br>Ditirakati diriyadhohi<br>Dzikir lan suluk jo nganti lali 2X | Kepada Alloh Yang Maha Suci<br>harus mendekatkan diri siang dan malam<br>diusahakan dengan sungguh-sungguh secara ihlas<br>dzikir dan suluk jangan sampai lupa |
| Uripe ayem rumongso aman<br>Dununge roso tondo yen iman<br>Sabar narimo najan pas pasan<br>Kabeh tinakdir saking pengeran 2X | hidupnya tentram merasa aman<br>mantabnya rasa tandanya iman<br>sabar menerima meski hidupnya pas-pasan<br>semua adalah takdir dari Tuhan |
| Kelawan konco dulur lan tonggo<br>Kang podho rukun podho trapsilo<br>Iku sunnahe, Rasul kang mulyo<br>Nabi Muhammad, Panutan Kito 2X | terhadap teman, saudara dan tetangga<br>yang rukun jangan bertengkar<br>itu sunnahnya Rosul yang mulia<br>Nabi Muhammad tauladan kita |
| Ayo nglakoni sakabehane<br>Allah kang bakal ngangkat drajate<br>Senajan ashor toto dhohire<br>Ananging mulyo maqom drajate 2X | ayo jalani semuanya<br>Allah yang akan mengangkat derajatnya<br>Walaupun rendah tampilan dhohirnya<br>namun mulia maqam derajatnya di sisi Allah |
| Lamun palarasto ing pungkasane<br>Ora kesasar roh lan sukmane<br>Den gadang Allah swargo manggone<br>Utuh mayite ugo ulese 2X | ketika ajal telah datang di akhir hayatnya<br>tidak tersesat ruh dan sukmanya<br>dirindukan Allah surga tempatnya<br>utuh jasadnya juga kain kafannya |
| Yarosulalloh salammun'alaik…<br>Yaarofi'asaaniwaddaaroji…<br>`atfatayaji rotall `aalami…<br>Yauhailaljuu diwaalkaromi…2x | Yarosulalloh salammun'alaik…<br>Yaarofi'asaaniwaddaaroji…<br>`atfatayaji rotall `aalami…<br>Yauhailaljuu diwaalkaromi…2x |

**TEKS SYI'IR TANPO WATON** (Gus Nizam)

Ngawiti ingsun nglaras syi'iran (aku memulai menembangkan syi'ir)
Kelawan muji maring Pengeran (dengan memuji kepada Tuhan)
Kang paring rohmat lan kenikmatan (yang memberi rohmat dan kenikmatan)
Rino wengine tanpo pitungan 2X (siang dan malamnya tanpa terhitung)

Duh bolo konco priyo wanito (wahai para teman pria dan wanita)
Ojo mung ngaji syareat bloko (jangan hanya belajar syari'at saja)
Gur pinter ndongeng nulis lan moco (hanya pandai bicara, menulis dan membaca)
Tembe mburine bakal sengsoro 2X (esok hari bakal sengsara)

Akeh kang apal Qur'an Haditse (banyak yang hapal Qur'an dan Haditsnya)
Seneng ngafirke marang liyane (senang mengkafirkan kepada orang lain)
Kafire dewe dak digatekke (kafirnya sendiri tak dihiraukan)
Yen isih kotor ati akale 2X (jika masih kotor hati dan akalnya)

Gampang kabujuk nafsu angkoro (gampang terbujuk nafsu angkara)
Ing pepaese gebyare ndunyo (dalam hiasan gemerlapnya dunia)
Iri lan meri sugihe tonggo (iri dan dengki kekayaan tetangga)
Mulo atine peteng lan nisto 2X (maka hatinya gelap dan nista)

Ayo sedulur jo nglaleake (ayo saudara jangan melupakan)
Wajibe ngaji sak pranatane (wajibnya mengkaji lengkap dengan aturannya)
Nggo ngandelake iman tauhide (untuk mempertebal iman tauhidnya)
Baguse sangu mulyo matine 2X (bagusnya bekal mulia matinya)

Kang aran sholeh bagus atine (Yang disebut sholeh adalah bagus hatinya)
Kerono mapan seri ngelmune (karena mapan lengkap ilmunya)
Laku thoriqot lan ma'rifate (menjalankan tarekat dan ma'rifatnya)
Ugo haqiqot manjing rasane 2 X (juga hakikat meresap rasanya)

Al Qur'an qodim wahyu minulyo (Al Qur'an qodim wahyu mulia)
Tanpo tinulis biso diwoco (tanpa ditulis bisa dibaca)
Iku wejangan guru waskito (itulah petuah guru mumpuni)
Den tancepake ing jero dodo 2X (ditancapkan di dalam dada)

Kumantil ati lan pikiran (menempel di hati dan pikiran)
Mrasuk ing badan kabeh jeroan (merasuk dalam badan dan seluruh hati)
Mu'jizat Rosul dadi pedoman (mukjizat Rosul(Al-Qur'an) jadi pedoman)
Minongko dalan manjinge iman 2 X (sebagai sarana jalan masuknya iman)

Kelawan Alloh Kang Moho Suci (Kepada Alloh Yang Maha Suci)
Kudu rangkulan rino lan wengi (harus mendekatkan diri siang dan malam)
Ditirakati diriyadohi (diusahakan dengan sungguh-sungguh secara ihlas)
Dzikir lan suluk jo nganti lali 2X (dzikir dan suluk jangan sampai lupa)

Uripe ayem rumongso aman (hidupnya tentram merasa aman)
Dununge roso tondo yen iman (mantabnya rasa tandanya beriman)
Sabar narimo najan pas-pasan (sabar menerima meski hidupnya pas-pasan)
Kabeh tinakdir saking Pengeran 2X (semua itu adalah takdir dari Tuhan)

Kelawan konco dulur lan tonggo (terhadap teman, saudara dan tetangga)
Kang podho rukun ojo dursilo (yang rukunlah jangan bertengkar)
Iku sunahe Rosul kang mulyo (itu sunnahnya Rosul yang mulia)
Nabi Muhammad panutan kito 2x (Nabi Muhammad tauladan kita)

Ayo nglakoni sakabehane (ayo jalani semuanya)
Alloh kang bakal ngangkat drajate (Allah yang akan mengangkat derajatnya)
Senajan asor toto dhohire (Walaupun rendah tampilan dhohirnya)
Ananging mulyo maqom drajate 2X (namun mulia maqam derajatnya di sisi Allah)

Lamun palastro ing pungkasane (ketika ajal telah datang di akhir hayatnya)
Ora kesasar roh lan sukmane (tidak tersesat roh dan sukmanya)
Den gadang Alloh swargo manggone (dirindukan Allah surga tempatnya)
Utuh mayite ugo ulese 2X (utuh jasadnya juga kain kafannya)